

Kisa yo rele Reyadaptasyon Pwofesyonèl ?

Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR) se yon pwogram leta federal kap travay ak moun andikape fizik oubyen mantal, pou prepare yo jwenn travay oubyen kenbe yon travay. VR angage l pou li ede moun andikape pou yo jwenn karyè enteresan.

Kiyès ki kapab kalifye pou resevwa sèvis VR ?

Ou ka kalifye pou sèvis VR si ou deside pou ou jwenn yon travay e si ou ranpli kondisyon pi ba a yo:

- Andikap fizik oubyen mantal kiba ou pwoblèm pou ou jwenn yon travay.
- Asistans VR nesèsè pou ede ou prepare pou jwenn travay oubyen kenbe yon travay.

Si ou resevwa Asirans Andikap Sekirite Sosyal (SSDI) oubyen Sekirite Revni Sipleman (SSI) pou andikap ou a, ou deja kalifye pou sèvis VR si ou gen entansyon jwenn yon travay.

Kisa Patisipasyon Finansyèl ye ?

VR pral gade konbyen kòb moun ki kalifye yo pou konnin si yo pral gen pou patisipe nan frè sèvis Reyabilitasyon Vokasyonèl yo. Kèk moun oubyen kèk pwogram gen dwa pa ladan e moun pap bezwen peye pou sèvis sa yo.

Kisa Odè Seleksyon an ye ?

Anba Odè Seleksyon an, tout moun ki kalifye yo mete yo sou yon lis ki bay priorite a enpòtans andikap moun nan. Lalwa Federal mande ke moun ak pi gwo andikap yo pou yo sèvi yo an premye.



Enfòmasyon jeneral

Kisa yo rele Sipò pou travay ?

Pwogram sipò pou travay la se yon sèvis ki la sèlman pou moun ki gen andikap ki grav anpil ki bezwen sèvis sipò pou anpil tan pou pèmèt yo jwenn siksè sou mache travay la.

Bidjè VR pou sipò travay sèvi ak anpil biznis nan kominote a pou nenpòt moun ki bezwen èd oubyen sipò san rete pou travay tankou plase moun pou premye fwa e etabli moun nan pos travay li.

Pwogram Sipò pou travay la ofri èd san rete pou ede moun kenbe yon travay lontan pou sila you ki anvan sa pat kabab jwenn siksè nan yon travay nomal.

Valè Pwogram Sipò pou travay la :

Men tout sa ke yon konseye kap travay nan Pwogram Reyadaptasyon Pwofesyonèl la ap respekte lè li deside aksepte kandidati yon moun pou sipò pou travay:

- Rantre moun nan kominote a
- Presantiman ke moun sa kapab travay
- Plase moun sa nan travay nòmal
- Kreye Plan developman individyèl (IPE)
- Èd ak asistans manm fanmi, zanmi ak kolèg nan travay la



Sipò pou travay :

- Travay moun sa peye menm kòb ak lòt anplwaye yo
- Travay sa favorize rankont sosyal, pwodikтивite ak itilizasyon maksimòm talan ak kapasite moun nan
- Travay la fèt nan yon anviwonman travay ki nòmal
- Pwogram sa founi asistans pou moun ki gen andikap nan devlopman yo, pou moun ki gen maladi mantal grav, pèsistan oubyen lòt andikap grav.
- Pwogram nan itilize yon fòmasyon pou travay ak yon espesyalis travay apre moun nan fin plase nan travay la
- Pwogram nan ap kontinye bay sèvis asistans ak sipò pou anplwaye depi koune a pou jous sa kaba
- Pwogram VR la gen pwogram sipò kontinyèl ak ajans e asosye andeyò pwogram sa, pou ede jwenn travay ou kenbe travay.

Pwogram asistans ak sipò a gen ladann: transpò, plasman, fòmasyon oubyen yon nouvo fòmasyon pou anplwayè kap benefisye asistans ak sipò a, devlopman sipò natirel oubyen sipò teknolojik si li nesesè, pou pèmèt anplwaye a akonpli travay la.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, Kontakte :

2002 Old Saint Augustine Road, Bldg. A
Tallahassee, Florida 32301-4862
(850) 245-3399 (Voice and TTY)
(800) 451-4327 (Voice and TTY)
www.Rehabworks.org
www.FLJobConnections.com



Se yon pwogram e yon anplwayè ki ofri tout moun menm chans. Lalwa entèdi Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) Depatman Edikasyon Eta Florid, poutèt li resevwa èd finansyèl federal, pou l fè diskriminasyon ak nenpòt moun nan Etazini akòz ras li, koulè li, relijyon li, sèks li, orijin nasyonal li, laj li, andikap li, afilyasyon politik li oswa kwayans li.


Pwosedi VR itilize pou trete kandidati yon moun pou detèmine si li elijib pou sèvis, pou nenpòt sèvis pi devan e kèlkeswa pwosesis Pwogram VR la dwe respekte obligasyon pou pa fè diskriminasyon. Pou moun andikape y ap jwenn èd ak sèvis siplemantè si yo mande l. Moun ki sèvi ak aparèy telefòn avèk touch (telepwonprè ekipman TTY/TDD) oswa Sèvis Relè Eta Florid (Florida Relay Service) nan nimewo 711 yo kapab kontakte nimewo telefòn parlan (kote mound we pale).

Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl nan Depatman Edikasyon se yon patnè ki fyè pou l patisipe nan Plan Estratejik pou Edikasyon Pwochen Jenerasyon nan Eta Florid (Florida's™ Next Generation Strategic Plan for Education).

03/2009

Moun ki patisipe nan Pwogram Sipò pou Anbochaj la kapab travay nan pwofesyon sa yo :

- Anplwaye labank
- Kreyatè videyo
- Teknisyen veterinè
- Teknisyen pou esterilize enstriman chirijikal
- Anplwaye netwayaj
- Kwizinye/Patisye
- Anplwaye pou netwaye istansil kwizin ak asyèt nan kafeterya
- Asistan enfimye nan Sal douleànvan akouchman ak akouchman



- Gason Restoran
- Brankadye (ki pote pasyan) nan lopital
- Kreyatè sit entènèt
- Vandè nan magazen
- Asistan pwofesè
- Magazinye
- Siveyan materyèl nan yon Sant sante ak espò



Sipò pou anbochaj ap ede moun jwenn lareyisit



Vocational Rehabilitation
FLORIDA DEPARTMENT OF EDUCATION